

12 janvier 2014  
Mémorial du Parc de Martissant

M ap salye tout moun ki vin komemore avè n nan Memoryal Pak Matisan an, tranblemann tè 12 janvye 2010 la. Yon evènman nou pa ka blyie, li pote mak li nan kò nou, nan lespri n, nan kè nou.

Jodi a men ki jan seremoni an ap dewoule.

Ane sa nou de pran desizyon fè yon jaden ilan ilan tankou nou sot wè l la. Kòm nou te louvri yon rejis nan biwo FOKAL la pou nou anregistre non moun ki te mouri nan katye an jou tranblemann tè oubyen an apre, fanmi yo te komanse bay enfòmasyon sa yo. Kidonk, nou te vle mete non moun yo devan chak ilan ilan ki te plante. Men, lè nou vin konstate nou pa gen non pou chak sou katye nan Matisan kote n ap travay yo, nou pran desizyon mete non 23 soukatye yo. An apre, nou pral mete non moun yo ki koresponn ak chak soukatye yo.

N ap tann tout rezidan soukatye sa yo, pou yo ban yon lis manm nan fanmi yo mouri, konsa na gen yon bèl jaden nan memwa yo. Tout non pap kapab figire, n ap pran sa ki vin anvan yo.

Na toujou kapab gen lòt kote nan memoryal la pou mete lòt non.

3 h – 4 h pm : plantation de 23 ylangs ylangs dans le mémorial en souvenir des victimes

4 h pm : Discours de Michèle Pierre-Louis – 10 minutes

4 h 10 pm : Discours d'un notable de Martissant – 10 minutes (attention, le briefer pour que ça ne dépasse pas le temps imparti)

4 h 20 pm : lecture de *In memoriam* de Jean-René Lemoine – 20 minutes

4 h 40 : chant a capella – 1ère partie – 5 min

4 h 50 : minute de silence (on arrêtera le chant en descrescendo si nécessaire)

5 h - chant a capella – 2ème partie

Conclusion et départ des invités

Sa fè 4 an, jou pou jou tè a te tranble, kote li te trennen nan zantray li milye ak milye moun, nan katye Matisan an, tankou nan tout kwen kapital la ak zanviwon li yo.

Li enpòtan pou nou sonje tout fanmi, zanmi, konesans, gramoun kou timoun ki pèdi lavi yo nan katastrof sa. Nan fon kè nou jodi a, nou gen yon panse espesyal pou yo. Yo rete byen fon nan memwa nou, kwak tan pase. Sa fè 4 an deja.

Men, lè nou fè « acte de mémoire », se pa pou nou kontinye gen dlo nan je, trennen tristès nou ak dekourajman n. Non. Se pou an menm tan, nou ranmase fòs kouraj nou pou nou gade devann.

Lavi ap kontinye. Nou gen yon responsabilite pou nou ranmase karaktè n pou nou konstwi tèt nou, pou nou angaje tèt nou an sitwayen, sitwayèn responsab nan lavi kominote nou, katye nou, peyi nou. Nan yon sans, nou dwè sa ki pa la yo sa.

Acte de mémoire, se yon moman refleksyon endividiyèl kote chak gress moun poze tèt li kesyon sou limenm, sou lavi pa I, fanmi I, sou angajman I nan sosyete a. Men se yon moman refleksyon kolektif tou, sou demach nou fè ansanm pou nou konstwi ansanm espas kote pou nou aprann viv nan respè youn lòt.

Ane 2014 la, sa ap fè 7an depi FOKAL ap travay san rete nan Matisan. Lè an 2007 nou te asepte siyen kontra ak gouvènman an pou kreye Pak Matisan an, nou te konnen se te yon gwo defi nou te pral gen pou nou leve. Men nou te gen konfyans. Konfyans nan pwòp angajman pa n, lè fini konfyans nan moun Matisan yo. Esperyans nou te fè déjà nan peyi an te montre n, lè w pa nan blof, lè w pa nan manti, lè w angaje tout bon vre pou konstwi kolektivman, gen yon konfyans ki tabli pezape e se sou konfyans sa ou kapab tabli pou reyalize aksyon ki gen sans pou kominote an. Sa pa fasil.

Sa pran tan, sa pran moun, sa pran lajan.

Sa pran tan : an 7 an, nou fè anpil travay se vre, kwak gen anpil ki pou fèt toujou. Sa mande yon prezans pèmanan, se poutèt sa nou te kòmanse pa louvri yon biwo nan pak la.

Gen moun ki nan komansman an te depasyante, yo pate kwè, yo menm te vle dekouraje lòt moun. Men ofiramezi travay la ap vanse, tout moun vin wè. Tan se yon faktè ki enpòtan. Fò n konte avèl, sitou lè nan mitan travay ou gen catastrop tankou sa 12 janvye 2010 la ki rive e ki oblige w reflechi byen sou fason w pral redefini vizyon w ak aksyon w depi lè sa.

Se apre tranblemann tè an, nan espas de pawòl nou tep mennen ak manm òganizasyon nan katye an ak sikològ Cecile Marotte epi animatè nou yo, desizyon vin pran sou demann rezidan nan katye an pou nou fè pwopriyete sa tounen yon memoryal nan non tout moun ki pèdi lavi yo nan catastrof la.

Sa pran moun : se sa ki pi enpòtan. Moun ki gen vizyon pou devlope pwogram yo, jere yo, kominike, angaje yo tout bon vre, aprann koute, aprann konprann, aprann kominike, antre an relasyon egal ego ak moun nan kominote an, nan peyi a. Sa pran kapasite endividyèl pou yon travay kolektif. Se tout yon aprantisaj ki san fen. Sa pa fèt san risk, men si w pa pran risk, si w pa gen odas pou mennen aksyon ki konsekan, pa gen granchoy k ap fèt.

Sa pran lajan : pou konvenk bayèdefon sou byenfonde travay w ap mennen nan katye an. Sa pa fasil non plis. Genyen ki konprann, ki toujou la avè n, ki akonpaye n, nou di yo mèsi. Men nan yon peyi ki gen chay pwoblèm nou konnen yo, ak prejije nou konnen yo, li pa toujou fasil pou jwenn akonpayman sa. Sa mande pou jere lajan sa yo byen, an tout transparans, san magouy, pou ka rann kont pwòp epi kenbe kredibilite w. Se yon konba tou, jis mayi mi.

Toutwa dimansyon sa yo enpòtan, se alyansay yo ki mennen nou isit jodi a pou nou sonje, pou nou reflechi, pou nou gade devan ak kouraj, ak lisidite.

Ane 2014 la fenk kòmanse. Li pa twò ta pou n swete tout moun ki vin pataje moman espesyal sa avè n, Bòn ane.